

Analyze yon URL

Aprann estrateji pou analyze URL yo epi evite URL ki pa sekirize oswa ki riske yo.

1. Ki pati ki genyen nan yon URL?

Lè w analize yon Lokalizatè Resous Invèsel (Universal Resource Locator, URL), sa ede w konnen kisa diferan pati nan yon URL ye ak sa ou ta dwe espere wè. An n gade yon echantyon URL:

<https://www.microsoft.com/en-us/>

Egzanz	Pati nan URL	Eksplikasyon ak Definisyon	Faktè Risk
https	Pwotokòl	Pwotokòl la dekri kijan yon navigatè entènèt ta dwe rekipere enfòmasyon ki soti nan URL la.	Kle a la a se chèche "https" oswa pwotokòl sekirize a. URL ki gen "http" yo pa sekirize epi yo konsidere ke yo riske.
www.microsoft.com	Domèn	Domèn nan se non sit entènèt la ak kalite sit entènèt sa a ye. Domèn yo konpoze ak yon domèn dezyèm nivo ak yon domèn nivo siperyè. Nan ka sa a, domèn dezyèm nivo a se "www.microsoft" epi domèn nivo siperyè a se ".com," ki endike li se yon sit komèsyal.	Domèn yo se kote anakè yo kapab kache bagay oswa twonpe moun. Pou egzanp, anakè yo ta kapab sèvi ak yon domèn nivo siperyè ki riske epi asosye li ak yon domèn dezyèm nivo ou fè konfyans pou twonpe moun. Yon egzanp sa a ta kapab "www.microsoft.xyz"

NYC Digital Safety

Privacy & Security

/en-us/	Chemen	Chemen an endike paj espesifik oswa resous ou pral jwenn nan sit entènèt la. Nan ka sa a, chemen an endike n ap vizite vèsyon ameriken nan lang angle sit entènèt Microsoft la.	Anakè yo kapab gen ladan yo trakè oswa senbòl etranj nan chemen fichye a. Remake byen ke yon anakè ta kapab itilize yon URL ki pi kout, tankou yon bit.ly, pou kache nati sispek ki nan chemen URL yo.
---------	--------	---	---

2. Kijan ou ka analize yon URL epi detèmine si li san danje?

Men kèk bagay ou dwe chèche lè w ap analize yon URL.

Pwotokòl

- **Fè atansyon ak pwotokòl la:** Sonje chèche "https" oswa pwotokòl sekirize. Si w pa wè yon pwotokòl https, gade sa ou wè a pou detèmine si li sekirize, epi pa klike sou lyen an jiskaske ou sèten li sekirize.

Domèn ak Chemen

- **Fè atansyon ak detay ki nan domèn nan ak chemen an:** Chèche bagay tankou ti erè òtograf, yon domèn nivo siperyè etranj oswa senbòl ki dwòl. Sa yo kapab souvan yon siy nan yon URL ki riske oswa ki pa sekirize.
- **Fè atansyon ak tout domèn nan:** Souvan, anakè yo pral ajoute eleman ki sispek anplis nan yon domèn ki, yon lòt fason, sanble fyab. Pa kite yon eleman ou fè konfyans nan yon domèn twonpe w; olye sa, pote atansyon sou tout bagay la epi asire w ke tout domèn nan lejitim.
- **Sonje ke domèn nivo siperyè a vin andènye:** Domèn yo prezante soti nan domèn dezyèm nivo a pou ale nan domèn nivo siperyè a, sa vle di domèn nivo siperyè a se dènye bagay ou wè anvan chemen an. Souvan, anakè yo pral itilize yon domèn dezyèm nivo ki

NYC Digital Safety

Privacy & Security

parèt lejitim pou twonpe moun. Fè atansyon ak tout bagay ant pwotokòl "https" la ak siy "/".

- **Mennen ankèt sou URL ki pi kout oswa ki pèsonalize yo:** Li fasil anpil pou fè yon URL vin pi kout oswa pou fè yon lyen pèsonalize pou yon imèl. Sèvi ak yon zouti (gade anba la a) pou verifye kalite URL sa yo anvan ou klike sou yo. URL ki pi kout yo ka yon bon fason pou yon anakè kache move lyen!

Men kèk egzanp URL ki riske lè ou sèvi avèk lekòl popilè fiktif, Hudson University:

Hudsonuniversity.edulogin.com

Nan egzanp sa a, vre domèn nivo siperyè a se ".com" epi anakè a fizyone chemen an ak domèn nan pou twonpe moun. Yon vèsyon lejitim sa a ta sanble plis tankou sa ki annapre a: hudsonuniversity.edu/login

Hudsouniversity.edu

Nan egzanp sa a, mo Hudson nan mal eple, yo ekri "Hudsoun". Souvan, anakè yo itilize teknik sa a pou fè moun klike sou fo lyen ki, lè w fèk gade l, parèt bon.

http://hudsonuniversity.edu.student_login%.ie

Egzanp sa a gen anpil pwoblèm! Premyèman, lyen sa a te itilize pwotokòl http a ki pa sekirize. Ansuit, vre non domèn nan la a se "student_login%.ie" se pa "hudsonuniversity.edu." Sonje, domèn nivo siperyè a vin andènye: Finalman, domèn sa a gen senbòl dwòl, ki ka siy yon URL ki pa sekirize.

3. Kijan ou kapab mennen ankèt sou URL yo?

Gen anpil zouti ak resous ou kapab itilize pou mennen ankèt sou URL yo.

NYC Digital Safety

Privacy & Security

Kontwolè repitasyon yo: Kalite sit sa yo ka verifye repitasyon yon URL oswa yon adrès IP epi avèti w si li sispek oswa si li pa bon.

<https://www.urlvoid.com/>

<https://www.virustotal.com/gui/home/url>

Ekstansyon URL ak rechèch adrès IP yo: Zouti sa yo kapab itilize pou mennen ankèt sou URL ki pi kout yo oswa sou adrès IP yo. Sonje byen, souvan, URL ki pi kout yo itilize pou kache move URL yo.

<https://checkshorturl.com/>

<https://www.expandurl.net/>

<https://www.ipvoid.com/>

Sennbòks yo (Sandboxes). Sit sa yo pèmèt ou eskane epi analize yon URL anvan ou deside klike sou li

<https://urlscan.io/>

Finalman, pifò navigatè entènèt yo gen karakteristik sekirite ki avèti w si yon URL move. Fè atansyon ak avètisman sa yo nan ka ou ta klike sou yon bagay ou pa ta dwe aksidantèlman!

Pou kèk pratik analiz URL bonis, eksplore lyen ki nan lis ki pi wo la a epi wè si ou kapab detèmine kijan epi poukisa yo lejitim!